

**PREYAVI 90 JOU POU FÈ OU KONNEN ENTANSYON  
NOU POU VANN DWA PRIVILÈJ SOU TAKS AK DLO**

17 avril 2019

**ADRÈS PWOPRIYETE A**

**MINISIPALITE      BLÒK      PASÈL**

**Si ou pa gen yon relasyon ak pwopriyete ki endike anwo a, tanpri gade nan do kupon ki anba la a.**

Dosye Depatman Finans (Department of Finance) ak Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Protection) montre **ou dwe \$** taks sou pwopriyete, dlo ak/oswa dlo ize a lòt frè ki gen pou wè ak pwopriyete a. Frè sa yo endike anba la a kòm dwa privilèj sou pwopriyete ou. Ou dwe peye oswa rezoud dèt sa a anvan dat **19 jiyè 2019**, oswa Minisipalite vil la ap vann dèt la ba yon achtè otorize. **Si nou vann dèt la, w ap dwe kantite lajan ki endike anba la a plis yon frè siplemantè 5%, enterè ki anpile, ak frè administratif.**

Kantite Lajan Dwa Privilèj Fiskal Pwopriyete a:	\$	(Depi [date])
Kantite Lajan Dwa Privilèj pou Frè ki Gen pou Wè ak Pwopriyete a	\$	(Depi [date])
Frè Reparasyon Annijans:	\$	(Depi [date])
Kantite Lajan Dwa Privilèj pou Dlo DOF Reklame:	\$	(Depi [date])
Kantite Lajan Dwa Privilèj Komisyon Dlo:	\$	(Depi [date])
<b>KANTITE LAJAN TOTAL DWA PRIVILÈJ:</b>	<b>\$</b>	

**Pou w pa kite pwopriyete ou a tonbe nan lavant dwa privilèj**, ou dwe swa peye lajan ou dwe a oswa siyen yon akò pou fè peman avan 19 jiyè 2019. Gade na paj B1 ak B2 pou detay konplè.

Si ou se yon **granmoun aje, veteran** (oswa manm fanmi yon veteran), oswa yon moun ki gen yon **andikap**, ou ka kalifye pou yon egzanpsyon nan taks sou pwopriyete nan ane k ap vini yo epitou ou ka **evite nou vann dèt ou a**. Si ou nan **sèvis militè aktif** (oswa si ou se manm fanmi yon moun ki nan sèvis militè aktif), oswa si ou te resevwa kredi Circuit Breaker pou ane fiskal 2018, ou ka kalifye tou pou nou retire pwopriyete ou nan lavant lan. Ale nan "Lis Dokiman Obligatwa pou Kalifye pou Egzanpsyon" ki nan paj B5.

**Peye jodi a nan fason ki fasil la sou sitwèb [nyc.gov/payonline](http://nyc.gov/payonline).**



Tanpri mete kupon orijinal sa a ansanm avèk peman ou.

Kantite lajan ou dwe peye anvan 19 jiyè 2019 \$

Montan ki nan anvlop la:

**Voye peman an pa lapòs ba:  
NYC Department of Finance  
59 Maiden Lane, 19th Floor  
New York, NY 10038-4502**

**Minisipalite, Blòk ak Pasèl:**

# PREYAVI 90 JOU POU FÈ OU KONNEN ENTANSYON NOU POU VANN DWA PRIVILÈJ SOU TAKS AK DLO

## ENSTRIKSYON SOU PEMAN POU: Taks Pwopriyete ak Frè ki gen pou wè ak Pwopriyete

PEYE SOU ENTÈNÈT ak chèk elektwonik (gratis) oswa kat kredi/debi (frè 2%) nan [nyc.gov/citypay](http://nyc.gov/citypay).

PEYE FAS-A-FAS avèk lajan kach, chèk ofisyèl labank, chèk pèsònèl, kat kredi/debi (frè 2%), oswa chèk postal (money order) nan yon Sant Biznis nan Depatman Finans (Finance Business Center) (louvri jou lasemèn ant 8:30 AM ak 4:30 AM p.m.) nan adrès ki endike anba la yo:

Bronx.....3030 Third Avenue - 2nd floor  
Brooklyn.....210 Joralemon Street - 1st floor  
Manhattan.....66 John Street - 2nd floor  
Queens.....144-06 94th Avenue - 1st floor  
Staten Island.....350 St. Marks Place - 1st floor

## ENSTRIKSYON SOU PEMAN POU: Frè Konpayi Dlo (frè pou dlo ak/oswa dlo ize)

PEYE SOU ENTÈNÈT ak transfè lajan elektwonik (gratis) oswa kat kredi/debi (frè 2.25%) nan [nyc.gov/dep](http://nyc.gov/dep), telefòn (gratis) nan 1-866-622-8292, oswa aplikasyon mobil My DEP la.

PEYE FAS-A-FAS avèk chèk ofisyèl labank, chèk pèsònèl, oswa chèk postal (money order) nan Biwo Minisipalite DEP yo (louvri jou lasemèn ant 9 a.m. ak 5 p.m.) nan adrès ki endike anba la yo:

Bronx.....1932 Arthur Avenue - 6th floor  
Brooklyn.....250 Livingston Street - 8th floor  
Manhattan.....1250 Broadway - 8th floor  
Queens.....96-05 Horace Harding Exp - 1st floor  
Staten Island.....60 Bay Street - 6th floor

Adrès Biwo Santral DEP a nan Queens se 59-17 Junction Boulevard, 13th Floor

## AVI ESPESYAL POU PWOPRIYETÈ KI GEN DOSYE AK/OSWA PWOPRIYETE KI DEPANDE YON DOSYE FAYIT ANBA TIT 11 KÒD ETAZINI ("KÒD FAYIT")

Lavant yon dwa privilèj ki prevwa jan sa dekri nan avi sa a pa yon aksyon pou rekouvremant. Achtè dwa privilèj ki pwopoze a, yon pwopriyete fidisyè Delaware («Achtè» a), pa kapab fè okenn aksyon rekouvremant sou yon dwa privilèj pandan tan pwopriyete dosye a ak/oswa pwopriyete a depannde yon pwosedi fayit jan sa endike nan Kòd Fayit [«Restrained Acts» (Lwa sou Restriksyon)], sof si Tribinal ki Okipe Zafè Fayit bay otorizasyon. Lwa sou Restriksyon (Restrained Acts) gen ladan aplikasyon 5% frè siplemantè, nenpòt ogmantasyon to enterè obligatwa, frè pou avi, ak nenpòt kantite lajan pou sanksyon oswa nenpòt aksyon pou egzekite dwa privilèj avèk aksyon sezi-ipotèk oswa lòt mwayen legal san nou pa jwenn solisyon apwopriye nan lajistis anvan. Answit, pou pwopriyete ki gen yon valè estime \$250,000 dola oswa mwens, enterè nenpòt frè Depatman Finans yo vann ap anpile nan to 7 pousan pa ane, ki konpoze chak jou. Pou pwopriyete ki gen yon valè estime plis pase \$250,000 dola oswa mwens, enterè nenpòt frè Depatman Finans yo vann ap anpile nan to 18 pousan pa ane, ki konpoze chak jou. Enterè nenpòt frè Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal yo vann ap anpile nan to 7 pousan pa ane, ki konpoze chak jou. Answit, nenpòt peryòd tan ki kòmanse nan lavant Dwa Privilèj nan Taks akòz Fayit dwe lavant Dwa Privilèj Fiskal akòz Fayit dwe peye pandan tan pwopriyete kay ki konsène a nan fayit la. Achtè a ap gen dwa li, lè nou retire pwopriyete dosye a ak/oswa pwopriyete a nan pwoteksyon ki endike nan Kòd Fayit la, pou fè tout aksyon legal apwopriye yo.

### Minisipalite, Blòk ak Pasèl:



Depi ou koche kaz sa a, ou endike ou pa vle resevwa avi pidevan konsènan pwopriyete ki endike anwo a. Si ou pa vle resevwa avi pou pwopriyete sa a, tanpri detache kupon an ap voye li pa lapòs ba:

Mwen konfime mwen pa vle kontinye resevwa avi konsènan pwopriyete ki endike anwo a selon minisipalite, blòk, ak pasèl la.

Siyati: \_\_\_\_\_  
Dat la: \_\_\_\_\_

TAXPAYER IDENTIFICATION  
NYC DEPARTMENT OF FINANCE  
59 MAIDEN LN FL 26  
NEW YORK NY 10038-4502



**PREYAVI 90 JOU POU FÈ OU KONNEN ENTANSYON  
NOU POU VANN DWA PRIVILÈJ SOU TAKS AK DLO**

NO. AVI A: NON BENEFISYÈ A 17 avril 2019  
 MINISIPALITE  
 BLÒK: ADRÈS PWOPRIYETE A  
 PASÈL:

**\*\*\*\* DETAY SOU FRÈ YO\*\*\*\***

<u>KALITE KONT</u>	<u>KÒD TAKS</u>	<u>ID KONT</u>	<u>DATE DELÈ</u> [date]	<u>PERYÒD LA KÒMANSE</u> [date]	<u>TAKS POU PEYE</u>	<u>ENTERÈ</u>
					\$	\$
Kantite Lajan Dwa Privilèj Fiskal Pwopriyete a:					\$	(Depi [date])
Kantite Lajan Dwa Privilèj pou Frè ki Gen pou Wè ak Pwopriyete a					\$	(Depi [date])
Frè Reparasyon Annijans:					\$	(Depi [date])
Kantite Lajan Dwa Privilèj pou Dlo DOF Reklame:					\$	(Depi [date])
Kantite Lajan Dwa Privilèj Komisyon Dlo:					\$	
<b>KANTITE LAJAN TOTAL DWA PRIVILÈJ:</b>					\$	

**Sonje: Ou dwe peye frè sa yo avan 19 jiyè 2019!**

**KISA YON LAVANT DWA PRIVILÈJ YE?**

Yon dwa privilèj se yon reklamasyon legal kont byen imobilye pou taks sou pwopriyete, dlo, dlo ize oswa lòt frè pwopriyete ki pa peye, tankou enterè ou dwe sou taks ak frè yo.

Lavant lan se transfè dwa privilèj la ba yon achtè otorize. Se pa yon lavant pwopriyete, men si ou pa peye oswa rezoud taks yo ak/oswa frè yo, moun ki gen dwa privilèj la kapab kòmanse yon pwosedi sezi-ipotèk nan tribinal.

**KISA AVI SA A VLE DI?**

Li vle di dosye Minisipalite Vil la montre ou:

- Taks sou pwopriyete ak enterè ki anpile bay Depatman Finans (Department of Finance, DOF), ak/oswa
- Frè pou dlo ak dlo ize ak enterè ki anpile bay Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Protection, DEP), ak/oswa
- Pwogram Reparasyon Annijans (Emergency Repair Program, ERP) oswa pou Pwogram Ranfòsman Altènatif (Alternative Enforcement Program, AEP) yo estime nan Depatman

Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development, HPD) epi dapre bòdwo DOF bay pou frè sa yo.

**KISA OU DWE FÈ?**

Pou evite lavant yon dwa privilèj sou pwopriyete ou, ou dwe rezoud dèt ou anvan **19 jiyè 2019**. Ou ka peye tout dèt ou a nèt, fè yon antant pou peye oswa mete yon akò peman ki anreta ajou. Si ou soumèt yon peman avèk chèk epi labank refize peye chèk ou, ou ka resevwa lòt avi epi nou ka mete pwopriyete ou nan swa lavant dwa privilèj ki endike nan avi sa a oswa nan yon lavant dwa privilèj pita.

Gade anba paj sa a pou enstriksyon sou peman.

**ÈSKE NENPÒT MOUN KAPAB ACHTE DWA PRIVILÈJ?**

Minisipalite Vil la vann dwa privilèj yo sèlman ba yon sèl achtè otorize, men pa ba piblik jeneral la. Tanpri pa kontakte nou konsènan acha dwa privilèj yo.

**MEN KIJAN POU OU PEYE**

**Nou dwe resevwa tout peman yo anvan 19 jiyè 2019.**

**TAKS SOU PWOPRIYETE AK FRÈ ASOSYE YO**

**PEYE SOU ENTÈNÈT** sou fòm transfè elektwonik lajan, avèk chèk elektwonik, oswa avèk kat kredi/kat debi (frè 2%). Gen frè pou peman kat kredi/debi yo. Vizite sitwèb DOF la nan [nyc.gov/liensale](http://nyc.gov/liensale).

**PEYE PA LAPÒS** anvan 12 jiyè. Ekri chèk ou oswa chèk postal (money order) ou sou non NYC Department of Finance. Ekri minisipalite, blòk, ak nimewo pasèl pwopriyete a (ou kapab jwenn enfòmasyon sa yo nan kwen dwat anwo premye paj avi sa a) sou liy memorandòm nan. Pa melanje peman dwa privilèj yo pou Depatman Finans Vil New York (NYC Department of Finance) avèk peman ou fè ba Komisyon Dlo Vil New York (NYC Water Board). Tanpri itilize chèk apa. Ou ka itilize menm anvlop la. Epitou, endike si peman an se pou sèten frè, pa egzanp, ERP oswa AEP. Voye li pa lapòs ba:

**NYC Department of Finance  
P.O. Box 680  
Newark, NJ 07101-0680**

**PEYE FAS-A-FAS-** Biwo DOF ki endike nan paj B2 a aksepte lajan kach, chèk ofisyèl labank, chèk pèsònèl, kat kredi/debi, ak chèk postal (money order). Pou peman ki fèt **apre 12 jiyè**, nou rekòmande ou pou itilize yon chèk ofisyèl labank oswa yon chèk postal (money order) pou asire nou travay alè sou peman ou epitou pou evite lavant dwa privilèj (yo). Ou pa gen pou peye nan minisipalite kote pwopriyete a ye.

**FRÈ POU DLO / DLO IZE**

**PEYE SOU ENTÈNÈT** ak transfè lajan elektwonik (gratis) oswa kat kredi/debi (frè 2.25%) nan [nyc.gov/dep](http://nyc.gov/dep). Ou ka kreye yon kont MY DEP oswa peye ak Quickpay san ou pa bezwen konekte. Epitou, ou ka peye nan aplikasyon mobil MY DEP la.

**PEYE NAN TELEFÒN** lè ou rele nimewo 1-866-622-8292 pou fè yon transfè elektwonik lajan an gratis.

**PEYE PA LAPÒS** anvan **12 jiyè**. Ekri chèk ou oswa chèk postal (money order) ou sou non NYC Water Board. Ekri nimewo kont dlo ou sou liy memorandòm nan epi voye peman an pa lapòs ba:

**NYC Water Board  
P.O. Box 11863  
Newark, NJ 07101-8163**

**PEYE FAS-A-FAS-** Biwo DEP yo ki endike nan paj B2 aksepte chèk ofisyèl labank, chèk pèsònèl, ak chèk postal (money order). Pou peman ki fèt **apre 12 jiyè**, nou rekòmande ou pou itilize yon chèk ofisyèl labank oswa yon chèk postal (money order) pou asire nou travay alè sou peman ou epitou pou evite lavant dwa privilèj (yo). Ou pa gen pou peye nan minisipalite kote pwopriyete a ye. Ou ka peye frè dlo/dlo ize ou tou nan Sant Biznis DOF yo.

Avi sa a disponib nan lang **arab, bengali, chinwa, franse, kreyòl, koreyen, polonè, ris, panyòl, ak oudou. Rele 311.**

# AKÒ POU FÈ PEMAN

## Ou kapab pa kite pwopriyete ou tonbe nan lavant dwa privilèj depi ou siyen yon akò pou fè peman anvan 19 jiyè 2019.

Gen posibilite pou w kalifye pou youn (1) nan akò pou fè peman sa yo.

### Akò pou Fè Peman Estanda Depatman Finans la

Yon akò pou fè peman estanda disponib pou tout pwopriyete, kèlkeswa laj yo oswa nivo revni yo. Nou ankouraje ou fè yon depo garanti, men li pa obligatwa, epi ou ka chwazi si ou vle resevwa bòdwo chak mwa oswa chak trimès. Akò ou a ka dire ant youn a 10 ane. Ou dwe fè peman ou yo jan ou te dakò a, epi ou dwe peye nouvo taks ak frè yo a tan.

Pou aplike pou yon akò pou peman DOF, telechaje epi ranpli aplikasyon an nan [nyc.gov/liensale](http://nyc.gov/liensale), oswa rele 311 pou jwenn èd.

### Akò pou Peman Taks ak Enterè sou Pwopriyete Defere (Property Tax and Interest Deferral, PT AID)

Ou ka kalifye pou yon pla peman PT AID si ou gen yon kay pou youn, de, oswa twa fanmi oswa yon kondominyòm; pwopriyete a te rezidans prensipal ou pou youn ane oswa plis; w ap touche \$58,399 pa ane oswa mwens; epi ou te an reta, oswa gen danje pou w an reta, ak taks sou pwopriyete ou yo.

Si ou se yon moun aje (65 kan oswa plis), ou ka aplike pou yon plan ki pral pèmèt ou defere peman taks oswa frè ou pa te peye yo, swa avi (pou peye ak eritaj ou) oswa pou yon peryòd tan espesifik. Si ou pa yon moun aje, ou ka aplike pou plan peman fiks ki baze sou revni an oswa plan peman pou sikonstans grav ki baze sou revni an. Nan toude ka, ou pral bezwen peye pa plis pase 8% revni ou chak mwa oswa trimès.

Pou aplike pou yon akò pou peman PT AID a, telechaje epi ranpli aplikasyon an nan [nyc.gov/ptaid](http://nyc.gov/ptaid), oswa rele 311 pou jwenn èd.

### Akò pou Peman Depatman Pwoteksyon Anviwònman

Pou fè yon peman akò pa mwa avèk DEP pou frè dlo ak dlo ize, ale nan nenpòt Biwo Minisipalite DEP ki endike anba la a.

W ap bezwen yon pyès idantifite ak foto yon ajans gouvènman te ba ou Pou jwenn plis enfòmasyon, rele (718) 595-7000.

### **Pou Pwopriyete Kay ki Gen Akò pou Fè Peman**

Si ou te resevwa avi pou lavant dwa privilèj pou ane 2019, epi si ou te siyen yon akò pou fè peman, epitou si ou resevwa avi sa a, sa vle di ou pa anrèg avèk akò a (ou pa fè peman ki obligatwa yo pandan sis mwa ankò oswa plis tan). Ou gen jiska 19 jiyè 2019 pou mete akò a ajou. Ou kapab siyen yon nouvo akò pou peman sèlman si ou kalifye pou sikonstans grav oswa si ou peye yon depozit 20% pou tout frè, enterè, ak frè ou dwe.

Si ou gen oswa te gen yon akò pou fè peman avèk swa Depatman Finans oswa Depatman Pwoteksyon Anviwònman anvan ou resevwa avi pou lavant dwa privilèj pou ane 2019, w ap resevwa avi sa a paske dosye DOF oswa DEP montre ou pa anrèg ak peman ki obligatwa yo. Si ou vle regle peman ou yo oswa si ou kwè ou te fè peman ki obligatwa yo, tanpri kontakte DOF oswa DEP. Si ou ta renmen kreye yon nouvo pla peman, gade enstriksyon yo anba a.

# ÈD POU KLIYANTÈL LA

## ➤ POU TAKS SOU PWOPRIYETE

Sou Entènèt: [nyc.gov/liensale](http://nyc.gov/liensale)

Imèl: [taxlien@finance.nyc.gov](mailto:taxlien@finance.nyc.gov)

Telefòn: **212-440-5407/5408** - Lasemèn 9 a.m. - 5 p.m.

Ombudsman pou Moun Aje:

**212-291-4414** - Lasemèn 9 a.m. - 5 p.m.

Fas-a-Fas: Nan Sant Biznis DOF yo

Ou kapab peye tout frè yo isit la.

Lasemèn 8:30 a.m. ak 4:30 p.m.

Bronx 3030 Third Avenue - 2nd fl

Brooklyn..... 210 Joralemon Street - 1st fl

Manhattan..... 66 John Street - 2nd fl

Queens ..... 144-06 94th Avenue - 1st fl

Staten Island.....350 St. Marks Place - 1st fl

## ➤ POU FRÈ POU REPARASYON IJAN AK LÒT MIZANPLAS

Sou Entènèt: [nyc.gov/liensale](http://nyc.gov/liensale)

Telefòn: **212-863-6020** - Lasemèn 9 a.m. - 4 p.m.

Imèl: [hpderp@hpd.nyc.gov](mailto:hpderp@hpd.nyc.gov)

## ➤ POU FRÈ POU DLO AK DLO IZE

Sou Entènèt: [nyc.gov/liensale](http://nyc.gov/liensale)

Telefòn: **718-595-7000** - Lasemèn 9 a.m. - 6 p.m.

Fas-a-Fas: Nan Biwo Minisipalite DEP yo -

Lasemèn 9 a.m. - 5 p.m.

Bronx ..... 1932 Arthur Avenue - 6th fl

Brooklyn ..... 250 Livingston Street - 8th fl

Manhattan ..... 1250 Broadway - 8th fl

Queens ..... 96-05 Horace Harding Exp - 1st fl

Staten Island..... 60 Bay Street - 6th fl

## ➤ POU KONTESTE FRÈ POU DLO AK DLO IZE

Sou Entènèt: [nyc.gov/liensale](http://nyc.gov/liensale)

Imèl: [ombuds@dep.nyc.gov](mailto:ombuds@dep.nyc.gov)

Telefòn: **718-595-OMBU (6628)**

# LÈ MINISIPALITE VIL LA KAPAB VANN YON DWA PRIVILÈJ SOU YON PWOPRIYETE

Selon kalite pwopriyete a, kapab gen apeprè kat (4) kondisyon ki fè pwopriyete ou kalifye pou lavant lan. Itilize tablo sa a pou konprann règ ki aplike pou pwopriyete ou. Si dènye kolòn nan di «WI» li Nòt 2 a pou wè kijan ou kapab retire pwopriyete ou nan lavant lan.

Kalite Kay la:	Dèt Taks sou Pwopriyete		Dèt Dlo/Dlo Ize		Dèt pou AEP*		Dèt pou ERP*		Ka Ekskli (Nòt 2)
	Montan Minimòm	Ane Anreta	Montan Minimòm	Ane Anreta	Montan Minimòm	Ane Anreta	Montan Minimòm	Ane Anreta	
Kay pou 1 Fanmi - Pwopriyete Abite Ladan	\$1,000 dola	3	(Nòt 1)		Pa Disponib	Pa Disponib	Pa Disponib	Pa Disponib	WI
Kay pou 1 Fanmi - Pwopriyete Pa Abite Ladan	\$1,000 dola	3	(Nòt 1)		Pa Disponib	Pa Disponib	\$1,000 dola	1	NON
Kay pou 2 a 3 Fanmi - Pwopriyete Abite Ladan	\$1,000 dola	3	\$2,000 dola	1	Pa Disponib	Pa Disponib	Pa Disponib	Pa Disponib	WI
Kay pou 2 a 3 Fanmi - Pwopriyete Abite Ladan	\$1,000 dola	3	\$2,000 dola	1	\$1,000 dola	1	\$1,000 dola	1	NON
Kondominyòm Rezidansyèl	\$1,000 dola	3	\$1,000 dola	1	\$1,000 dola	1	\$1,000 dola	1	WI
Bilding Koperativ Rezidansyèl	\$1,000 dola	3	\$1,000 dola	1	\$1,000 dola	1	\$1,000 dola	1	NON
Pasèl Lib ki Klase nan Zòn Rezidansyèl	\$1,000 dola	3	Pa Disponib	Pa Disponib	\$1,000 dola	1	\$1,000 dola	1	NON
Ti Boutik oswa Biwo ki gen 1 oswa 2 Apatman Anwo	\$1,000 dola	3	\$2,000 dola	1	\$1,000 dola	1	\$1,000 dola	1	WI
<b>Bilding Lokasyon Fon pou Devlopman Lojman (Housing Development Fund Corporation, HDFC)</b>	\$5,000 dola	2	\$5,000 dola	2	\$5,000 dola	2	\$5,000 dola	2	NON
Tout lòt yo	\$1,000 dola	1	\$1,000 dola	1	\$1,000 dola	1	\$1,000 dola	1	NON

\*Ou ka ajoute sèlman frè ki endike nan dat 1ye janvyè 2006 oswa apre dat sa a.

**Nòt 1:** Si ou posede yon kay pou 1 fanmi epi si ou dwe sèlman frè dlo/dlo ize men ou pa dwe taks sou pwopriyete, Minisipalite Vil la PA ka vann yon dwa privilèj sou pwopriyete ou. Menmsi DEP pa ka vann dèt dlo/dlo ize, yo ka sispann sèvis dlo/dlo ize ou si ou pa peye frè yo.

**Nòt 2, Règ Esklizyon:** Nou pa pral vann dwa privilèj si pwopriyete ou se yon kay pou 1 fanmi oswa 3 fanmi oswa yon kondominyòm rezidansyèl, si se yon kay kote pwopriyete a abite, epitou si ou kalifye pou youn oswa plis avantaj sa yo:

- Egzanpsyon pou Pwopriyete Kay ki Aje: Pwopriyete kay ki gen laj 65 ane oswa plis epi ki satisfè kondisyon yo dapre revni yo.
- Egzanpsyon pou Pwopriyete Kay ki Andikape Moun andikape ki satisfè kondisyon yo dapre revni yo.
- Sèten Egzanpsyon pou Veteran: Si ou gen yon Egzanpsyon Veteran dapre «Ansyen Lwa», n ap retire ou nan lavant dwa privilèj la sèlman si ou te achte pwopriyete a avèk peman ou te resevwa kòm konpansasyon prizonye lagè nan Gouvènman Etazini. Tout Egzanpsyon pou Veteran ki se avantaj pou «konba» oswa «andikap» eskli nan lavant dwa privilèj la. Si ou pa fin sèten sou kalite avantaj ou a, ale sou sitwèb [nyc.gov/nycproperty](http://nyc.gov/nycproperty) pou chèche pwopriyete ou a epi gade detay yo sou kont ou a.

Moun ki te resevwa Kredi nan Taks sou Byen Imobilye pou Pwopriyete Kay (kredi «Circuit Breaker») nan Ane Fiskal 2018 ap eskli tou.

Manm pèsònèl ki nan sèvis militè aktif ka mande yon esklizyon nan lavant dwa privilèj depi yo ranpli yon fòm deklarasyon sou sèman ki disponib sou [nyc.gov/liensale](http://nyc.gov/liensale).

Si ou panse ou kalifye pou nenpòt nan egzanpsyon nou yo, gen fòm aplikasyon disponib nan sitwèb ou a: [nyc.gov/taxreductionprograms](http://nyc.gov/taxreductionprograms).



# REPONS POU KESYON MOUN POZE SOUVAN KONSÈNAN PWOSESIS LAVANT DWA PRIVILÈJ VIL LA

## ■ KI KALITE DÈT YO VANN NAN YON LAVANT DWA PRIVILÈJ?

- Taks sou Pwopriyete
- Frè dlo ize ak dlo, frè siplemantè
- Lòt frè pwopriyete a, tankou frè Pwogram Reparasyon Ijan ak Pwogram Mizanplas Altènatif
- Enterè ki anpil sou lòt taks ak frè ki nan lis anwo a

## ■ ÈSKE YO KAPAB VANN DWA PRIVILÈJ MWEN SI MWEN NAN PWOSESIS POU KONTESTE TAKS LA OSWA FRÈ A?

Wi. Si ou nan pwosesis pou konteste valè estime pwopriyete ou, oswa kantite lajan ki nan lòt frè ou yo, ou dwe peye tout taks yo ak/oswa tout frè yo oswa ou dwe fè yon akò peman pou evite lavant lan. Si ou gen siksè nan kontestasyon ou, w ap gen dwa pou resevwa yon ranbousman pou nenpòt peman anplis ou te fè.

## ■ KISA K AP PASE APRE YO VANN YON DWA PRIVILÈJ?

Nan 90 jou apre dat lavant yon dwa privilèj, Minisipalite Vil la ap voye yon avi pa lapòs ba tout pwopriyete kay ki konsène yo pou fè yo konnen:

- Kondisyon yo te vann dwa privilèj la
- Non ak adrès nouvo mèt dwa privilèj la
- Non reprezantan otorize moun ki gen dwa privilèj pwopriyete kay la ta dwe kontakte a. Reprezantan an ap kontakte ap kontakte pwopriyete kay la tou pa lapòs pou pale sou aranjman peman an.

Lè Minisipalite Vil New York voye bòdwo ba pwopriyete pou nouvo taks yo ak nouvo frè yo, ou dwe kontinye peye yo ba Minisipalite Vil la.

*Pwopriyete kay yopa</cf> ta dwe annafè avèk moun ki pa nouvo moun ki gen dwa privilèj la oswa reprezantan otorize li ki endike nan lèt Minisipalite Vil la te voye ba li a, oswa pwopriyete kay la pa ta dwe fè peman ba yo.*

## ■ KI FRÈ SIPLEMANTÈ K AP LAKÒZ LAVANT LAN FÈT?

Lè nou vann yon dwa privilèj, pwopriyete kay la nan moman an dwe taks, frè ak enterè anpile nou te mete nan lavant dwa privilèj la, ba nouvo moun li gen dwa privilèj la, pa ba Minisipalite Vil la. Kantite lajan ou dwe a ap ogmante depi nou vann dwa privilèj la. Moun ki gen dwa privilèj la gen dwa pou reklame:

- Yon frè siplemantè 5% sou sout montan dwa privilèj la.
- Enterè, ogmante chak jou epi ou ka peye de fwa pa mwa.
- Frè administratif ki asosye avèk lavant dwa privilèj la, tankou yon frè estime \$300 dola pou peye frè pou nenpòt reklam ak avi.

## ■ ÈSKE NOUVO MOUN KI GEN DWA PRIVILÈJ LA KAPAB VANN PWOPRIYETE MWEN?

Wi, nouvo mèt dwa privilèj la ka vann pwopriyete oua, men pa okòmansman. Sezi-ipotèk la kapab kòmanse nan 1 ane apre dat lavant dwa privilèj la si ou pa peye tout dwa privilèj la, oswa si ou pa fè yon akò pou peman avèk nouvo moun ki gen dwa privilèj la. Men, moun ki gen dwa privilèj la ka kòmanse pwosedi sezi-ipotèk la anvan yon ane apre dat lavant dwa privilèj la si:

- Ou pa fè peman enterè de fwa chak ane nan 30 jou apre dat ou dwe fè peman an; oswa
- Toujou pa peye taks oswa frè aktyèl pou sis (6) mwa avan yo peye tout dwa privilèj la.

## BAZ LEGAL POU LAVANT DWA PRIVILÈJ

Nou anvizaje lavant dwa privilèj pou taks pou reta ki kontinye nan peman kantite lajan ou dwe sou pwopriyete a nan seksyon 11-319 Kòd Administratif Vil New York. Lalwa egzije Depatman Finans tou pou yo voye avi yo 90, 60, 30 ak 10 jou anvan dat lavant dwa privilèj la, epitou pou yo voye yon Avi Dwa Privilèj ki Vann yo nan 90 jou apre yo bay sètifika lavant dwa privilèj fiskal la.

# LIS DOKIMAN OBLIGATWA POU KALIFYE POU EGZANPSYON

## Enstriksyon

1. Tanpri ranpli lis dokman obligatwa ki anba la a pou yon egzanspyon taks ou pwopriyete ki te ka pa kite pwopriyete ou a tonbe nan lavant dwa privilèj la.
2. Si nou panse ou ka kalifye pou yon egzanspyon pou pwopriyete ki granmoun aje, moun andikape oswa veteran, oswa si ou satisfè kondisyon pou resevwa kredi «Circuit Breaker» oswa kondisyon militè ki nan sèvis aktif, n ap voye yon aplikasyon ba ou depi nou resevwa lis dokiman ki obligatwa yo.
3. Ou dwe ranpli aplikasyon pou egzanspyon an pou nou kapab anvizaje retire pwopriyete ou nan lavant dwa privilèj la. Lis dokiman obligatwa sa a pa yon aplikasyon pou egzanspyon.

## Seksyon A

Depi mwen coche kaz sa yo, mwen konfime:

- Pwopriyete mwen se yon kay pou 1 a 3 fanmi oswa yon kondominyòm rezidansyèl.
- Mwen posede pwopriyete mwen epi mwen itilize pou adrès prensipal mwen.

## Seksyon B

Mwen sètifye tou (tcheke tout sa ki aplike):

- Tout pwopriyete yo pral gen 65 kan oswa plis avan 31 desanm 2019 epi revni melanje total pou tout pwopriyete yo se \$58,399 oswa mwens. (Si pwopriyete yo marye oswa yo se frè ak sè, se yon sèl ki bezwen gen 65 kan oswa plis.)
- Tout pwopriyete yo resevwa avantaj pou andikap epi revni melanje total pou tout pwopriyete yo se \$58,399 oswa mwens. (Si pwopriyete yo marye oswa yo se frè ak sè, se yon sèl ki bezwen gen yon andikap.)
- Youn oswa plizyè nan pwopriyete yo se manm pèsònèl militè aktif.
- Youn oswa plizyè nan pwopriyete yo se vetern (yon madanm/mari/vèf/vèv) oswa yon paran God Start.
- Mwen te resevwa Kredi nan Taks sou Pwopriyete Eta New York (Kredi «Circuit Breaker») a pou Ane Fiskal 2018 la.

## Seksyon C

1. NON PWOPRIYETÈ A: \_\_\_\_\_
2. NIMEWO TELEFÒN: ( \_\_\_\_ \_\_\_\_ \_\_\_\_ ) \_\_\_\_ \_\_\_\_ \_\_\_\_ ■ \_\_\_\_ \_\_\_\_ \_\_\_\_
3. ADRÈS RI: \_\_\_\_\_
4. VIL: \_\_\_\_\_
5. ETA: \_\_\_\_\_ 6. KÒD POSTAL: \_\_\_\_\_
7. MINISIPALITE: \_\_\_\_\_ BLÒK: \_\_\_\_\_ PASÈL: \_\_\_\_\_
8. ADRÈS IMÈL (Si ou vle bay li): \_\_\_\_\_

Voye fòm sa a bay: NYC Department of Finance, Lien Sale Exemptions Unit, 66 John St, 3rd Floor, New York, NY 10038.

Si li sanble ou kapab kalifye pou yon egzanspyon taks sou pwopriyete, n ap voye yon aplikasyon egzanspyon lavant dwa privilèj konplè ba ou pou w ka aplike pou yon egzanspyon ki te retire pwopriyete ou a nan lavant dwa privilèj la.





**Si ou pa aji, yo ka vann yon ajans koleksyon prive dwa pou kolekte sa ou dwe a.**

Dosye sa a gen enfòmasyon enpòtan ladan.

## Kisa sa ye?

Sa a se yon avi pou fè ou konnen ou dwe minisipalite Vil la taks sou pwopriyete ak/oswa frè pou dlo/dlo ize.

## Kisa mwen bezwen fè?

Ou dwe peye sa ou dwe a avan **19 jiyè 2019**.

Ou ka swa peye kounye a OSWA ou pwograme yon plan peman alontèm. Plizyè milye moun pwograme plan peman ki mache pou yo pou peye sa yo dwe.

## OPSYON A: Peye kounye a:

	TAKS SOU PWOPRIYETE	FRÈ POU DLO / DLO IZE
Peye an pèsòn avan 19 jiyè 2019	Gade paj B2 pou adrès yo	Gade paj B2 pou adrès yo
Peye sou entènèt avan 19 jiyè 2019	<a href="http://nyc.gov/liensale">nyc.gov/liensale</a>	<a href="http://nyc.gov/payonline">nyc.gov/payonline</a> , oswa aplikasyon mobil "My Dep"
Peye nan telefòn avan 19 jiyè 2019	212-291-2931	1-866-622-8292 (gratis)
Peye pa lapòs avan 19 jiyè 2019	NYC Department of Finance P.O. Box 680 Newark, NJ 07101-0680	NYC Water Board P.O. Box 11863 Newark, NJ 07101-8163

## OPSYON B: Si ou pa ka peye kounye a, pwograme yon plan peman:

Aplikan ak twa (3) etap fasil sa yo

- Etap 1:** Telechaje Demann Akò pou Peman Taks nan t [nyc.gov/dofpaymentplan](http://nyc.gov/dofpaymentplan).
- Etap 2:** Enprime epi ranpli fòm demann nan.
- Etap 3:** Soumèt aplikasyon ou a ak dokiman sipò yo nan nenpòt sant biznis DOF. (Gade paj B2 pou adrès yo)

## Kesyon?



**Rele nou:** 212-440-5408 (taks sou pwopriyete)  
718-595-7000 (frè pou dlo / dlo ize)

**Ale sou sitwèb nou:** [nyc.gov/finance](http://nyc.gov/finance)